# QARAQALPAQ MILLIY TEATRÍNDA KOMIK OBRAZLAR HÁM SHAMURAT ÓTEMURATOV SHEBERLIGI

**Baxieva Biybinaz** – *oqıtıwshı*
**Dosniyazova Mexriban** – *magistr*
*Ózbekstan mámleketlik kórkem óner hám mádeniyat institutı Nókis filialı*

**Tayanch so‘zlar:** qoraqalpoq teatri, komik aktyor, Shamurat O‘temuratov, sahna san’ati, aktyorlik mahorati, dramatik obraz, milliy madaniyat.

**Ключевые слова:** каракалпакский театр, комический актер, Шамурат Утемуратов, сценическое искусство, актерское мастерство, драматический образ, национальная культура.

**Key words:** karakalpak theater, comic actor, Shamurat Utemuratov, stage art, acting skills, dramatic image, national culture.

**Kirisiw.** Teatr kórkem óneri xalıqtıń ruwxıy dúnyasın, sociallıq turmısın hám estetikalıq kózqaraslarınń sáwlelendiretuģın áhmiyetli mádeniy tarawlardan biri bolıp esaplanadı. Qaraqalpaq teatr kórkem óneri de ózine tán rawajlanıw jolına iye bolıp, bul processte kóplegen talantlı aktyorlar jetilisip shıqqan. Áne, usınday kórkem óner sheberlerinen biri - Shamurat Ótemuratov.

Shamurat Ótemuratov óziniń saxnadaģı tábiyiyligi hám tereń mazmunlı obrazları menen tamashagóyler kewlinen bekkem orın iyelegen. Ol komik aktyor sıpatında tanılģan bolsa da, dramalıq rollerdi de joqarı sheberlik penen atqarģan kóp qırlı aktyor esaplanadı. Bul maqalada onıń ómir jolı hám dóretiwshiligi hár tárepleme úyreniledi. Shamurat Ótemuratov 1929-jılı 1-iyun kúni Qaraqalpaqstan Respublikasınıń Taxtakópir rayonında dúnyaģa kelgen. Jaslıģınan kórkem ónerge qızıgıwshılıģı kúshli bolģan Shamurat teatr ónerin professional dárejede iyelew maqsetinde 1955-jili Tashkent mámleketlik teatr hám xudojnikler institutında bilim aladı. Instituttı tabıslı tamamlaģannan soń, házirgi Berdaq atındaģı Qaraqalpaq mámleketlik akademiyalıq muzıkalı teatrında aktyor sıpatında miynet jolın baslaydı. Ol ómiriniń aqırına shekem áne usı teatrda xızmet etip, qaraqalpaq milliy teatrınıń rawajlanıwına pútkil ómirin baģıshlaydı. Shamurat Ótemuratov qaraqalpaq teatr saxnasında ayrıqsha dóretiwshilik jolģa iye bolģan aktyor sıpatında tanılģan. Ol teatr saxnasında júzge shamalas túrli obrazlardı jaratqan. Bul obrazlar janr hám xarakter jaģınan júdá bay bolıp, aktyordıń keń diapazonlı kórkem óner iyesi ekenligin kórsetedi. Aktyor komediya, drama hám tragkomediya janrlarında birdey tabıs penen dóretiwshilik penen shuģıllanģan. Saxnadaģı hárbir roli tereń tallawģa, obraz ruwxın tolıq ańlawģa tiykarlanģan. Shamurat Ótemuratov, ásirese, komik aktyor sıpatında xalqımızdıń joqarı itibarına erisken. Ol kúlkini jasalma qural sıpatında emes, al turmıslıq haqıyqatlıqtı ashıp beriwshi kórkem óner quralı sıpatında qollanģan. Sol sebepli onıń kúlkili obrazları tamashagóyler tárepinen qızģın qabıl etilgen. Aktyor teatr saxnasında ózine tán aktyorlıq mektebin jaratqan. Onıń atqarıwına tán bolģan mimika, jest, sóylew ırģaģı hám saxnadaģı erkinlik keyingi áwlad aktyorları ushın ibrat bolıp xizmet etpekte. Shamurat Ótemuratov tárepinen dóretilgen bir qatar obrazlar qaraqalpaq teatr kórkem óneri tariyxında áhmiyetli orın iyeleydi. Sonnan: Jan Batist Poklen Molerdiń "Skapenniń hiylesi" shıģarmasında - Skapen, Jolmırza Aymurzaevtıń "Rawshan" shıģarmasında - Sattar, Asan Begimov hám Tóresh Allanazarovlardıń "Ǵárip ashıq", shıģarmasında - Molla, Sapar Xojaniyazovtıń "Súymegenge súykenbe" shıģarmasında - Shıraz molla, Keńesbay Raxmanovtıń "Jaralı júrekler" shıģarmasında - Sapar ata, Orazbay Ábdiraxmanovtıń "Tirsekler" shıģarmasında - Mátirza, Minulinniń "Ázreyildi aldaģan adam" shıģarmasında - Almender, Gorinniń "Atı óssin" shıģarmasında – Gessafer obrazların atqarıp shıqqan. Bul roller aktyordıń tek ǵana komik emes, al dramalıq tárepleri de tolıq ashıp bergen.

Shamurat Ótemuratov dramalıq obrazlardı atqarıwda da úlken tabıslarģa erisken. Ol bunday rollerde insan ruwxıylıģınıń ishki keshirmelerin, turmıslıq qarama-qarsılıqlardı tereń ashıp bere alģan. Bul bolsa onıń saxnadaģı joqarı professionallıq dárejesin kórsetedi.

Shamurat Ótemuratovtıń dóretiwshiligi búgingi kúnde de óz áhmiyetin joģaltpaģan. Onıń saxnadaģı tábiyģıylıģı, obraz jaratıw

usılı jas aktyorlar ushın úlken mektep bolıp xızmet etpekte. Aktyordıń dóretiwshilik miyrası qaraqalpaq teatr kórkem ónериniń altın fondına kiredi.

Juwmaqlap aytqanda, Shamurat Ótemuratov qaraqalpaq teatr kórkem óneriniń ullı wákili, komik hám dramalıq rollerdi birdey jetik atqarǵan siyrek ushırasatuǵın aktyor. Ol ómiriniń aqırına shekem sadıqlıq penen xızmet etip, milliy teatr kórkem óneriniń rawajlanıwına sheksiz úles qostı. Onıń dóretiwshilik miyrası keleshek áwlad ushın biybaha ruwxıy baylıq bolıp qaladı.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar**


1. Berdaq atındaǵı Qaraqalpaq mámleketlik akademiyalıq muzıkalı teatrı tariyxı. - Nókis.
2. Qaraqalpaq teatr kórkem óneri: maqalalar toplamı. - Nókis.
3. Ózbekstan hám Qaraqalpaqstan xalıq artistleri haqqında biografiyalıq maǵlıwmatlar. - Tashkent.
4. Milliy teatr hám aktyorlıq sheberligi. - Tashkent.



**REZYUME.** Ushbu maqolada Qoraqalpoq teatr san'atining atoqli namoyandasi, mashhur komik aktyor Shamurat O'temuratovning hayoti va ijodiy faoliyati keng yoritilgan. Aktyorning Berdaq nomidagi Qoraqalpoq davlat akademik musiqali teatridagi ko'p yillik sahnaviy faoliyati, o'ziga xos aktyorlik maktabi, komik va dramatik obrazlarni yaratishdagi mahorati tahlil qilinadi. Shuningdek, san'atkorning milliy teatr rivojiga qo'shgan hissasi va ijodiy merosining bugungi kundagi ahamiyati ochib beriladi.

**РЕЗЮМЕ.** В данной статье широко освещается жизнь и творческая деятельность известного представителя каракалпакского театрального искусства, известного комического актера Шамурата Утемуратова. Проанализированы многолетняя сценическая деятельность актера в Каракалпакском государственном академическом музыкальном театре имени Бердаха, его уникальная актерская школа, мастерство в создании комических и драматических образов. Также раскрывается вклад артиста в развитие национального театра и значение его творческого наследия на сегодняшний день.

**SUMMARY.** This article extensively covers the life and creative work of Shamurat Utemuratov, a prominent representative of Karakalpak theatrical art and renowned comic actor. The actor's many years of stage work at the Berdakh Karakalpak State Academic Musical Theater, his unique acting school, and his mastery in creating comic and dramatic characters are analyzed. It also reveals the artist's contribution to the development of national theater and the significance of his creative heritage today.


## XVII-XVIII ÁSIRDE SAZ ÁSBABLÍQ MUZÍKANÍŃ RAWAJLANÍWÍ


**Zarlıq Bekbergenov** – *docent*

*Ózbekstan mámleketlik kórkem óner hám mádeniyat institutı Nókis filialı*



**Tayanısh sózler:** simfoniyalıq orkestr, kamer ansambli, janrlar, sonata, simfoniya kvartet, trio, menuet, koncert, polifoniyalıq muzıka.

**Ключевые слова:** симфонический оркестр, камерный ансамбль, жанры, соната, симфония, квартет, трио, менуэт, концерт, полифоническая музыка

**Key words:** symphony orchestra, chamber ensemble, genres, sonata, symphony, quartet, trio, menuet, concert, polyphonic music.


XVII ásride muzıkaǵa bolǵan qızıǵıwshılıq hám de polifoniya hám gomofoniya usılları sebepli saz ásbablıq muzıkası rawajlana basladı. Sol dáwirdegi janrlarda polifoniya usıllarǵa tiykarlandı. Turmuslıq muzıkaǵa tán bolǵan gomofon usılınbdaǵı muzıka, qosıq hám ayaq oyın namalarıda óz orınların tawǵan edi. Gomofoniyada barlıq dawıslardan melodiya óz aldına ajıralıp esitiledi, qalǵan dawıslar boysınıwshı